**РЕЗЮМЕ.** В статье речь идет о драме «Судьба учителя», поставленной в Каракалпакском государственном театре юного зрителя, и вкусе современных персонажей в ней.

**SUMMARY.** The article is about the drama "The Fate of a Teacher", staged at the Karakalpak State Theater for Young Spectators, and today's heroes in it.

UDK.3172-32 (2024)

## QARAQALPAQ MUZÍKA MÁDENIYATÍNÍŃ RAWAJLANÍW JOLLARÍ

**A.Shınıbekov** - *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** san’at, madaniyat, musiqa, bastakor, musiqiy asar, milliy me’ros, koncert.

**Ключевые слова:** искусство, культура, музыка, композитор, музыкальное произведение, национальное наследие, концерт.

**Key words:** Art, culture, music, composer, musical work, national heritage, concert.

Kórkem óner hám mádeniyat hárbir milletti dúnyaǵa tanıtatuǵın zárúrli faktor ekenligin húrmetli Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev mudamı itibar etip kelgen. [1.12] Buǵan baylanıslı húkimetimiz tárepinen jas áwladlarımızdı hár tárepleme aldınǵı hám jetik etip tárbiyalaw boyınsha kóplegen nátiyjeli jumıslar alıp barılmaqta. Atap aytqanda, keleshek áwladqa muzıka sırların úyretiwi boyınsha ustazlar járdeminde bilimlerin asırıwı, óziniń atqarıwshılıq sheberligin olardıń kórinisleri ushın barlıq shárt-sharayatlar jaratıp berilip atır. [1.12] Babalarımızdan bizge bay hám úlken miyras qalǵan, onı nasiyat etiw, muzıka kórkem óneri dástúrlerin dawam ettiriw, jáhán ulgilerine juwap bergen halda jas áwladlarımızdı tárbiyalaw hám jetik qánigeler etip jetistiriw búgingi kún dáwir talabı bolıp tabıladı.

Húrmetli Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev tárepinen házirgi kúnde de, Ózbekstan jasları, kompozitor hám dóretiwshileri atqarıwshıları hám kórkem óner úlgileri ushın qábiletlerin kórsetiw ushın keń jol ashıp berip atır. Xalıqaralıq maydanda ótkerilip atırǵan konferenciya tańlawlar, festival hám túrli olimpiadalar, sırt elden dúnyanıń tanıqlı kórkem óner ǵayratkerleriniń mámleketimizge saparı, Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası, respublika boylap muzıka mákanlarında ótkerilip atırǵan kontcertler, dóretiwshilik kesheleri, milliy kompozitorlıq mektep orının bekkemlewde hám jurtımızda professional atqarıwshılıq kórkem óneri, ilimiy rawajlanıwına óz úlesin qosıp atır. [2.64] Uqıplı jaslarımız Ózbekstan poziciyasın joqarıǵa kóterip jeńimpazlıq platformaǵa kóterilip atır. Joqarı sıylıqlardı qolǵa kiritip Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan muzıkasın jáhán saxnalarında nasiyat etken dóretiwshilerimiz bar ekenligi álbette quwanıshlı. Haqıyqattan da, milliy hám zamanagóy muzıka kórkem óneriniń tań qalarlıq hám ráńbáráń usıl hám kórinislerine iye bolǵan ulgileri tiykarında eń jaqsı ǵáziyne úlgilerin úyrenip nasiyat etiw, hárbir mámlekettiń materiallıq orın hám dárejesin belgilewde bas faktor bolıp qaladı.

Jas awladtıń muzıkalıq uqıbın hám mádeniyatın kóteriw maqsetinde, mámleketimizdiń hárbir qala-rayonında muzıka hám kórkem óner mektepleriniń iskerlik kórsetiwi názerde tutılǵan. Ózbekstanda professional muzıka kórkem óneri rawajlanıwı procesinde kompozitorlıq dóretiwshiligi bólek áhmiyetke iye boladı. Tuwrısında, kompozitorlıq dóretiwshiligi kóp dawıslı muzıkalıq janrlarǵa shaqırıq etiwi, jáhán muzıka mádeniyatın tereń úyreniw waqtında óz milliy progressiv jolın belgilewin talap etedi. Milliy kompozitorlıq mekteplerdiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı sol tariyxıy basqıshlar tiykarında ámelge astı. Tikkeley usı mekteplerdiń ayrıqshalıǵı, milliy túsin belgilewde sol mekteplerdiń quramına kirgen dóretiwshilerdiń nátiyjeli dóretiwshilik jetiskenlikleri belgilep berdi. [3.90-91]

Hárbir kompozitor uqıbınıń jaqtı qırları ol jaratqan muzıkalıq shıǵarmalarında gewdelenip, milliy hám ulıwma insanıylıq ideya hám temalardı, ayrıqsha dóretiwshilik talqını hám kórkem kórinisinde tıńlawshılarǵa kórinetuǵın etedi. Buǵan baylanıslı hárbir avtordı málim janrǵa hám dóretiwshilik usılına óz jumısına bolǵan jantasıwı hám biyimligi tikkeley dóretiwshiniń sanasın, milliy oylawı, mádeniyatı, alǵan bilimi hám kórkem sezimin qáliplesiwi sıyaqlı kriteryalarǵa barıp taqaladı.

Opera janrı, onıń tariyxıy rawajlanıwı hám búgingi kúnde qaraqalpaq kompozitorlıq

dóretiwshiligindegi tutqan ornın belgilewden ibarat.

-Qaraqalpaq kompozitorlıq dóretiwshiligi qáliplesiwine tiyisli dereklerdi anıqlap, kompozitor N. Muxamameddinovtıń ómirin hár tárepleme úyreniw;

-Kompozitor qálemine tiyisli muzıkalıq-saxnalıq janrlardı toplap, sistemalastırıw;

-Temaǵa baylanıslı arxiv hám nota materiallardı úyrenip, analiz etiw;

-Jáhán muzıkasında opera janrınıń dramaturg máselelrine tiyisli tariyxıy, teoriyalıq ilimiy jumıslar, ádebiyat hám ilimiy maqalalardı úyrenip shıǵıw;

-Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan muzıka kórkem ónerinde kompozitor dóretiwshilik ornı hám poziciyanı belgilep beriw.

Qaraqalpaq xalıq muzıka kórkem ónerinde qosıq janrı úlken orındı iyeleydi. Xalıq qosıqlarınıń tiykarı uzaq ótmishke barıp taqaladı. Sebebi qosıqlardıń payda bolıwı hám janǵa jaǵımlı nama ırǵaqlarınıń estetikalıq bay mazmunǵa iye bolıwı bul óz-ózinen payda bolmaǵan. Xalıq óziniń basınan ótkergen hár qıylı tariyxıy waqıyalarǵa bay turmısın, ruwxıy kewil keshirmelerin hám psixologiyasın qosıqlar arqalı sáwlelendirgen. Adamlardıń hár tárepleme estetikalıq zawıqqa bóleniwine qosıqtıń tásiri oǵada kúshli bolǵan. Ápiwayı hám jaydarı sózlerden quralǵan qosıqlar barlıq waqıtta adamnıń ómirge, gózzallıqqa degen súyiwshiligin arttırıp, óziniń eń jaqsı ideyaları menen xalıqtı tárbiyalap keledi. Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komitetiniń aǵartıw shaqabınıń 1931-jılı noyabrdegi «Awılda siyasiy jumıslardı jolǵa qoyıw hám baqsılardı socialistlik qurılısqa qatnastırıwdaǵı bir qatar wazıypalar» degen qararında «Ádebiyat bar jerde nama saz boladı. Mine, sonı en jaydırıw ushın baqsılardı, shayırlardı qurılıs jumıslarına tartıw, olardı dara júrgizbey, bir shólkemge uyımlastırıp paydalanıw lazım» dep kórsetedi.[4.132] Jáne usı qararda baqsılardı kórkem háweskerler dógeregine tartıw, xojalıqlardıń iyshan mollalardıń mekteplerde muǵallimlerdiń milliy sazlardı oqıwshılarǵa úyretiw máselesin taǵı basqa ilajlardı alǵa qoydı. Bulardıń barlıǵı batıl bolıp baratırǵan xalıqtın súyikli óneriniń qayta jasarıp gúlleniwinde ayrıqsha tásir etti. Olar endi baxıtlı zamanda kókirek kerip, erkin dem alıp xalıqtı jeńiske yoshlandırıwshı qosıq sazları menen maydanǵa shıǵıp, kúni-túni tınbay jırlaytuǵın boldı. Kórkem ónerdiń talant iyeleriniń bárqulla ǵamqorlıǵına alıp, kórkem háweskerlerdiń olimpiadaların birneshe ret Túrtkul, Tashkent, Moskva qalalarında ótkerip turǵan. Elimizde industriyalı awıl xojalıǵın rawajlandırıw, mádeniyatın asırıw menen qatar ǵalaba saplastırıw wazıypası da turadı. Biraq jańa mádeniyattıń shın mánisindegi jankúyerleri hárqanday qıyınshılıqlarǵa shıdap, xalıq muzıkaların, xalıqtıń tariyxı onıń ótmishtegi muzıkalıq mádeniyatınıń guwası, kózi retinde tolqıp úyreniwden sharshamadı, qayta onı jańa zamanǵa say jasartıp, pákizelewge bar jigerin jumsap, ayamay xızmet ete basladı. Oqıwshılar arasında, «Jańa diyxan», «Shólkem qolxoz», «Jenge jan», «Qazı iyshan» sıyaqlı jana mazmunlı qosıqlar payda bolıp, jana namalar menen aytılıp júrdi. Bul qosıqlar xalıq namalarına qaraǵanda ózgeshe optimizmge tolı jańa ırǵaqlar menen tolıqtırılǵan melodiya bolıp shıqtı. Dástúrli xalıq qosıqlarınıń namaları hám jańadan dóregen namalar jańa mazmun, zamanagoy qosıqlarǵa salıp aytılıp júrgenlikten jańa tekstler menen birigip, bir pútinlikti payda ete baslaydı. Jáne bir ayta ketetuǵın nárse, olardıń dóretpesinde qaraqalpaq namaları menen sheklenbey tuwısqan, túrkmen, ózbek, qazaq namalarınan paydalanıwı sezilip turadı. Bul alǵa qaray umtılıwshılıq sońǵı waqıtlardaǵı qaraqalpaq professional muzıkasınan hám kompozitor-melodislerdiń osiwine tayarlıq jasawda óz nátiyjelerin berdi. Kórkem óner iyeleriniń socialistlik qurılısta qanshelli ornı bar ekenligin sıpatladı. Tórtkúlden keyin bul olimpiada Ózbekstan boyınsha Tashkentte ótkeriledi. Usınnan eń saylandıların alıp Moskvaǵa tayarlaydı. Solay etip, Qaraqalpaq namalarınıń da, atqarıwshılarınıń da xawazın uzaq-uzaqlarga alıp ketti. Baqsı-jırawlardıń ulıwma atqarıwshılardıń óz ónerin rawajlandırıwǵa qanshelli jaǵdaylar tuwmasın, xáreketler etilmesin, bári bir, olardıń xızmeti folklorlıq (awızeki) muzıkadan asıp túspedi. Muzıkanıń jazba madeniyatı dárejesinde kóterile almadı. Teatrda bolıp, radioda, ya ansamblde bolıp professional muzıkant basshılardıń bolmawınan jańa dáwirge ılayıq professional atqarıwshılardıń hám sazendelerdiń jetilisip shıgıwına múmkinshilik bolmadı. Bul jaǵday muzıka mádeniyatımızdıń rawajlanıwına úlken tosqınlıq jasadı. Ataqlı talant iyeleri muzıkanıń alwan qırları menen texnikalıq sırların úyreniwge qanshelli talpınbasın, oǵan qolı jete qoymadı. Xalıq qosıqları xalıqtıń turmıs tirishiligi menen birgelikte tıǵız baylanısıp rawajlanıp kelgen. Olar hár qıylı toy-tamashalarda, geshteklerde atqarılǵan. Bir awılǵa jıraw, baqsı, qıssaxanlar kelse alıs-jaqın awıllardan adam qalmay qurǵa jıynalǵan. Jıynalǵan jámáát milliy shıǵarmalarımız bolǵan

dástanlarımızdı, xalıq qosıqları menen namalarımızdı jıynalıp otırıp tıńlaytuǵın bolǵan. Mine usınday mádeniy dem alıslar sol waqıttaǵı xalıq turmısında úlken tárbiya mektebi bolıw menen birge, olarǵa ruwxıy baylıq inám etken. Xalıq shıǵarmalarınıń hámmesi awızeki túrde áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa, alıs-alıs awıllardan izlep kelip ustaz-shákirt túsiw jolı menen biziń zamanımızǵa shekem jetip kelgen. [5.71-72] Muzıka miyrasınıń dóretiwshileri, saqlawshıları, qosıqshılar, sazendeler hám de basqada xalıq dóretiwshileriniń wákilleri ásirler boyı xalıqtıń kórkem-óner miyrasın esinde saqlap kelgen. Xalıq arasında muzıka ónerine degen qızıǵıwshılıq júdá kúshli bolǵanlıǵı sebepli, muzıka mádeniyatı jaqsı rawajlanıp kelgen. Xalıqta hár qıylı dárejedegi talant iyeleriniń shıǵarmalarınıń ishinde xalıq júreginen orın iyelegen shıǵarmalarınıń eń hasılları saqlanıp, usı kúnge shekem jetip, búgingi atqarıwshılardıń repertuarlarında tiykarǵı orınlardı iyelep kelmekte. Sebebi bul dóretpelerde ideyalıq mazmunı jaǵınan xalıqtıń aqıl-oyı, arzıw-ármanları, keleshekke bolǵan umtılısları sáwlelengen. Sonıń menen birge xalıq qosıqları xalıqtıń tariyx aynası bolıp, milletimizdiń ózligin ańlatıp turadı. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem-óneri álwan túrli qosıqlarǵa hám hár qıylı awızeki shıǵarmaları oǵada bay bolǵanlıqtan, kóp jıllar dawamında biybaha baylıqlarǵa iye bolǵan xalıqtıń turmıs tárizinen kelip shıqqan kewil keshirmelerin bildiriw menen birge tereń tariyxıy dereklerge iye. Sebebi xalıqtıń basınan ótkenleri xalıq qosıqlarında jarqın kórinislerin tapqan. Qosıqlarda ápiwayı xalıqtıń turmıs haqıyqatlıǵı anıq kórinedi. Awır dáwir waqtında dórelgen bunday hasıl dóretpeler óziniń qunın usı kúnge shekem joǵaltpaǵan. Xalıq óz qosıqlarına húrmet penen qaraǵan hám qádirlep saqlay bilgen. Ata-babalarımızǵa ruwxıy mádet baǵıshlaǵan awızeki xalıq shıǵarmalarınıń esap-sanı joq. Filologiya ilimleriniń doktorı N.Dáwqaraev «Qaraqalpaq xalqı - óziniń qayǵılı kúnlerinde de, quwanıshlı kúnlerinde de qosıqsız, saz-sáwbetsiz, awızeki poeziyasız jasay almadı»-dep jazǵan. [6.23-24] Qosıq adamǵa tuwılǵan waqtınan baslap joldas bolǵan. Rus ilimpazı A.Belyaev 1903-jılı Sankt-Peterburg Universitetinde 5-kurs studenti waqtında folklordı jıynaw hám izertlew jumısları menen qaraqalpaq awılların aralaǵan hám xalıqtıń qosıqshılıǵın kórip tań qalıp, olardı «Qaraqalpaqlar dala búlbilleri» - dep atap ótken. Bul haqıyqatlıqtı kórgen ilimpazlar biziń xalqımızdıń qosıq penen tuwılıp, qosıq penen jasaytuǵınına hám qosıq penen dúnyadan ótetuǵınına tiykarlanıp aytqan. Qosıq xalıq turmısındaǵı hárqanday tariyxıy ózgerislerge qaramastan xalıqtıń ruwxıy baylıǵı bolıp xızmet etip kelgen. Kórkem óner xalıqqa zawıqlı ómir baǵıshlaw menen birge óziniń tınımsız miyneti arqalı jaqsı turmıs keshiriwge talpındırıp, ruwxıy jaqtan qollap quwatlap, arzıw-niyetlerine qaray jeteleydi. Xalqımızdıń «Qurı sóz qulaqqa jaqpas», - degen gápi namasız qosıqtaǵı sóz yadta saqlanıp qalmaydı. Qaraqalpaq qosıq qurılısında taqmaq forması bolmaǵánlıǵı sebepli aytım qosıqlar keńnen tarалǵan. Bul qosıqlardı atqarıwshılar yadda saqlaw ushın hám onı xalıqqa inám etiw ushın namaǵa salıp aytqan, demek, qosıq naması menen aytılsa ol umıtılmaydı eken. Qaraqalpaq xalıq dástanlarındaǵı prozalıq aytılıwı bet ashar, aytıslar dawıs tolqınlarındaǵı ırǵaqlar menen tebrenip intonaciyalarǵa salınıp aytıladı. Qaraqalpaq xalıq namalarında xalıqtıń basınan ótkergen tariyxıy waqıyalar, dástúrler, aydın keleshekke degen umtılısları, eline degen súyispenshiligi, muhabbatqa sadıqlıǵı súwretlengen.

Xalıq qosıqları adamlardıń jasaw turmısınan, islegen isinen hámde sol eldiń tariyxına múrajat etip alınǵan sóz qatarlarınan bolǵanlıǵı ushın bul qosıqlardı hárbir qosıq shaydası atqarıwına haqlı. Sebebi, olardan professionallıqtı talap etpeydi, olardıń basım kópshiligi massalıq atqarıwına da ılayıq bolıp, dóretiwshi de hám atqarıwshı da xalıq.

Solay etip, qaraqalpaq xalıq muzıkası atqarıwshılardıń bóliniwine hám shıǵarmanıń specifikalıq ózgesheligine qaray anıqlanadı. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń túrleri oǵada kóp. Olar keń kólemde bolıp namanıń ápiwayılıǵı, quramalılıǵı, onıń forması, jáne de atqarıwshılıq usılı jaǵınan eki iri toparǵa: tar diapozonlı qosıqlar hám keń diapozonlı qosıqlar bolıp bólinedi. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń ishinde ayırım qosıqlar teksti jaǵınan júdá ápiwayı bolıp hám olardıń qosıq qatarları úsh cezuradan qurılǵan.

**Ádebiyatlar**

1. Sh.M.Mirziyoev «Mádeniyat hám kórkem óner tarawın jáne de rawajlandırıw hám jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı 2017-jıl 31- maydaǵı PQ-3022-sanlı Qararı.

2. Sh.M.Mirziyoev «Ózbekstan mámleket konservatoriyası iskerligin jáne de rawajlandırıw hám jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-3178-sanlı Qararı. 8.08.2017 j.
3. Ózbekstan Respublikasında milliy mádeniyattı jáne de rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw tuwrısında Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PQ-4038-sanlı Qararı. 28.11.2018 j.
4. Адамбаева Т. Қарақалпақ совет музыкасының тарийхынан. Қарақалпақстан, 1985.
5. Айымбетов К. Халық даналығы. Нөкис, 1968.
6. Jabborov A. Oʻzbekiston bastakorlari va musiqashunoslari. – T., 2004.

**REZYUME.** Qoraqalpoq xalqining san’at alvon turli ashulalarga va har xil ogʻizaki badiiy asarlari gʻoyat boy boʻlmishliktan, koʻp yillar davomida biybaha boyliklarga ega boʻlgan xalqning turmush tarzidan kelib chiqqan qalb kechirmalarini bildirish joʻrligida teran tarixiy manbalarga ega. Sababi xalqning boshidan oʻtganlari haqqida xalq ashulalarida yorqin shakl-shamoyillarin topganligi aniqlandi.

**РЕЗЮМЕ.** Искусство народа Каракалпакии имеет богатые исторические истоки, а также различные песни и разнообразные устные произведения, которые очень богаты и имеют многовековое богатство. Выяснилось, что причина народных переживаний нашла яркие формы в народных песнях.

**SUMMARY.** The art of the people of Karakalpak has rich historical sources, as well as various songs and various oral works of art, which are very rich and have long-lasting wealth. It was found that the reason for the people's experiences found vivid forms in folk songs.

***KINO HÁM DRAMATURGIYA***

## AUDIOVIZUAL KONTRAPUNKTNING RIVOJLANISHI

**M.B.Abdreymov** – *«Texnogen san’ati» kafedrasi mudiri*
*Oʻzbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali*

**Tayanch soʻzlar:** musiqa, kontrapunkt, film, sountrek, ovoz rejissyorligi, kinematografiya, ovoz bezagi, televideniye, maxsus effektlar.

**Ключевые слова**: музыка, контрапункт, кино, саундтрек, звукорежиссура, кинематограф, звуковое оформление, телевидение, спецэффекты

**Key words:** music, contrapunctual, film, soundtrack, sound direction, cinematography, sound decoration, television, special effects.

«Kontrapunkt» atamasi musiqada bir nechta ma’nolarda qoʻllaniladi, ularning asosiy va eng muhimi «bir vaqtning oʻzida ikki yoki undan ortiq mustaqil ohangdor chiziqlarni turli ovozlarda birlashtirish» degan ma’noni anglatadi. [1.258] «Kontrapunktsiya» («kontrapunktik birikma») atamalari rivojlangan va avtonom harakatlanuvchi musiqalarning oʻzaro ta’sirini, ularning balandligi, vaqti, oʻxshashligi yoki kontrasti bilan uygʻunligini anglatadi. «Qarama-qarshi» atamasi turli semantik tuzilmalarning bir vaqtning oʻzida qarama-qarshiligi sifatida keng majoziy ma’noga ega boʻladi. Yuqoridagi «musiqiy» kontrapunktning ta’rifidan olingan filmdagi audiovizual kontrapunktga oid keyingi fikrimiz uchun ikkita nuqta muhimdir: (1) kontrapunktning ohanglari avtonom, ammo puxta oʻylangan, oʻzaro ta’sir qiluvchi; (2) musiqalarda kontrast boʻlmasligi mumkin, ammo qarama-qarshilik, qoida tariqasida, superkompyuterni sintez qilishga olib keladi. Fenomenologik jihatdan klassik kontrapunktning eng muhim xususiyati quyidagicha namoyon boʻladi: ekspozitsiyada e’lon qilingan asosiy mavzu «javob» (qarama-qarshi ohang)ni oladi, keyin polifonik rivojlanishda “sinovdan oʻtgan” va finalda «qaytib» yanada kuchli va toʻgʻri boʻlad. Ushbu dixotomik qarama-qarshilik, odatda, XX asrda klassik-romantik Evropa san’atining barcha ontologik asoslarini aks ettiradi, koʻp sabablarga koʻra, uning ongida yagona toʻliq kuchini yoʻqotadi. Ushbu asarda biz birinchi navbatda mualliflik kinosi asarini oʻz ichiga olgan zamonaviy san’at asarida dastlab berilgan ma’no-maqsad boʻlmasligi mumkin va badiiy tasvir ma’no (oqilona-mantiqiy) toʻliq aniqlanmagan boʻlishi mumkin («ochiq» tasvir), printsipial jihatdan aniqlanmagan yoki aksincha, polivalent. Shuning uchun kontrapunktni nafaqat sezgir reaktsiyani kuchaytirishning koʻproq yoki kamroq aqlli usuli sifatida qoʻllash mumkin (ob’ektning ma’lum yoki taxmin qilingan xususiyatlarini yoki qarama-qarshi fonda harakatning ma’nosini aniqroq ajratish), balki